# Ирон ӕвзаджы тъест

**Бафæрсут тъекстъ:**

## Нарты кадджытæ
## Куыд фæзынд бæгæны

Иу бон, зæгъы, Нарты бæркадкъух Сатана хоры зад байтыдта хурмæ æмæ цыдæр кусинæгтимæ бадти хуртуаны цур. Уæд дын кæсы, æмæ иу цъиу къутæрыл абадт, ахорта хуымæллæджы гага, стæй æртахти Сатанайы размæ æмæ зады нæмыг ахордта. Цас рацыдаит фæлæ цъиу ыстæхын нал фæрæзта, куы иурдæм, куы иннæрдæм фæчиуы, паррæстытæ кæны. Сатана дæр ауад , хуымæллæг ратыдта, сфыхта йæ хоры задимæ æмæ дзы диссаджы бæгæны рауад.

Нартæ, зæгъы, уæдæй фæстæмæ Сатанайы конд бæгæныйы йеддæмæ ницыуал ныуазтой сæ куывты.

1. **Ссарут раст дзуапп:**

*Кæцы жанры уæцмысмæ хауы Нарты Каджытæ?*

а) эпосмæ.

б) аргъаумæ.

в) радзырдмæ.

2. **Ссарут раст дзуапп:**

*Цас ингредиенттæй скотта Ирон бæгæны Сатана?*

а) 1.

б) 2.

в) 3.

3. **Ссарут раст дзуапп:**

*Цы ныуæзтой куывдты Нарты адæм?*

а) сæн.

б) арахъ.

в) бæгæны.

**Бафæрсут тъекстъ:**

**Стæйы цармдарæг**
**Кадæг Арабты паддзах Ростеваныл**

Уыд Аравий паддзахæй Росстеван, хуыцауæй хайджын
Уыд ын бирæ фсад, цагъартæ, уыд хуымæтæг æмæ кадджын,
Уыд рæстылдзæуæг тæрхоны, хорз уынаффæгæнæг, фарнджын,
Номдзыд лæг, хæстон, хъæбатыр, уый хуызæн кæм уыд æвзадждджын.

Фырт хуыцау нæ радта уымæн, уыд ын иунаг чызг æрмæсдæр …
...Тинатин хуындис уый номæй, уый ком рохкæнын нæ хъæуы …
...Хурау дардмæ уый æрдæйæн йæ ныфс йæ кад у:
У домбайы æмсæр йæ лæппын, кæд сыл у, уæддæр у.

## 4. Ссарут раст дзуапп:

*Чи у автор ацы поэмайы?*

а) Джусойты Нафи.
б) Шота Руставели.
в) Илья Чавчавадзе.

## 5. Ссарут раст дзуапп:

*Кацы бæстæйы паддзах у Ростеван?*

а) Арабты.
б) Гуырдзыстоны.
в) Ирыстоны.

**6. Ссарут раст дзуапп:**

*Чи у Ростеванæн Тинатин?*

а) йæ царды æмбал.
б) йæ хо.
в) йæ чызг.

**7. Ссарут æмæ рафыссут ацы текстæй афоризм:**

........................................................................................................................................................................................................

........................................................................................................................................................................................................

**Бафæрсут тъекстъ:**

**Балцы зарæг**

Цæйут, æфсымæртау
Раттæм нæ къухтæ
Абон кæрæдзимæ
Иры лæппутæ!..

Скæнæм нæ тырыса
Дзыллæйы номæй.
Рухсмæ æнæзивæг
Цомут æнгомæй!..

Растдзинад уарзынæй
Скæнæм нæ фæндаг
Гъе-мардзæ, магуса!
Фесæф, нæуæндаг!..

**8. Ссарут раст дзуапп:**

*Чи у автор ацы æмдзæвгæйы?*

а) Пухаты Александр.

б) Хетаккаты Къоста.

в) Дзугаты Георгий.

**9. Ссарут раст дзуапп:**

*Цауыл у ацы æмдзæвгæ?*

а) иудзинадыл.

б) уарзондзинадыл.

в) науæндзинадыл.

**Бафæрсут тъекстъ:**

## Азау
## Радзырд

Арагвийны доны сæр Ганисы хъæу хуыссы. Раджы дзы кæддæр царды денджыз цæджджинагау фыхти: æрнæгджын бæстæ, хор æмæ фосджын адæм; — цард уым йæ мидбылты худти.

Ганисы хъæуы царди дыууæ сыхаджы: Сачъынаты Боба æмæ Тогъуызаты Бибо. Кæрæдзи тынг уарзтой, иу хæдзар, иу бинонтау цардысты; фæлæ сæ дыууæ дæр æнæзæнæг уыдысты æмæ уый тыххæй кæддæриддæр хъыг кодтой. — „Нæ ис, нæ бон кæмæн зайдзысты“, — дзыртой. Бибойы ус Томиан уыди, Бобайы ус та — Хъаныхъон.

Томиан æмæ Хъаныхъон иу рæстæджы басывæрджын ысты æмæ — иу дыууæ усы кæрæдзийæн дзырдтой: „Кæд нын лæппутæ райгуыра — æфсымæртæ сæ скæнæм; кæд нын чызджытæ райгуыра — хотæ сæ скæнæм; кæд иуæн лæппу райгуыра, иннæмæн чызг — ус æмæ лæг уыдзысты“. — Уый тыхæй кæрæдзийæн æцæгдзинады дзырд лæвæрдтой.

**10. Ссарут раст дзуапп:**

*Чи у автор ацы радзырды?*

а) Джиоты Давид.
б) Дзугаты Георгий.
в) Гæдиаты Секъа.

**11. Ссарут раст дзуапп:**

*Чи уыдысты кæрæдзиæн Томион æмæ Хъæныхъон?*

а) Хотæ.
б) сыхæгтæ.
в) мад æмæ чызг.

**12. Рафыссут — Кæрæдзийæн цы дзырд раттой сылгоймæгтæ.**

.................................................................................................................................................................................................................

.................................................................................................................................................................................................................

**13. Ссарут раст дзуапп:**

*Чи уыд Абайты Васо?*

а) Фыссæг.
б) Лингвист.
в) Драматург.

**14. Ссарут раст дзуапп:**

*Чи уыд Плиты Иссæ?*

а) æхуыргæнæг.
б) хъæбатыр.
в) нывгæнæг.

**15. Ссарут раст дзуапп:**

*Чи уыд Тугъанты Махарбег?*

а) нывгæнæг.

б) депутат.

в) æхуыргæнæг.

**16. Цас дамгъæ ис Ирон æвзаджы?**

а) 48.

б) 41.

в) 43.

**17. Цас хъæлæсон дамгъæтæ ис Ирон æвзаджы?**

а) 5.

б) 6.

в) 7.

**18. Ныффыссут ныхмæвæрд дзырдтæ (антонимтæ).**

тæвд — …………………

**19. Ныффыссут ныхмæвæрд дзырдтæ (антонимтæ).**

рæсугъд — …………………

**20. Ныффыссут ныхмæвæрд дзырдтæ (антонимтæ).**

бæрзонд — …………………

**21. Ныффыссут ныхмæвæрд дзырдтæ (антонимтæ).**

урс — …………………

**22. Ныффыссут ныхмæвæрд дзырдтæ (антонимтæ).**

сыгъдæг — …………………

**23. Цас диалект ис Ирон æвзаджы?**

а) 2.

б) 3.

в) 4.

**24. Кацы ныхас у нырыккон рæстæджы?**

а) фысстон.

б) фыссын.

в) фысдзæн.

**25. Кацы ныхас у ивгъуыд рæстæджы?**

а) кусдзæн.

б) кусын.

в) куысдон.

**26. Кацы ныхас у Суинаг рæстæджы?**

а) дзурын.

б) дзырдтон.

в) дзырдтаин.

**27. Кацы у раст дзуапп?**

| | |
|---|---|
| | а) ды. |
| Кафын | б) уый. |
| | в) æз. |

**28. Кацы у раст дзуапп?**

| | |
|---|---|
| | а) урс. |
| Кæрдæг у | б) хъулон. |
| | в) цъæх. |

**29. Кацы у раст дзуапп?**

| | |
|---|---|
| | а) рæйы. |
| Бирæгъ | б) уасы. |
| | в) ниуы. |

**30. Кацы у раст дзуапп?**

| | |
|---|---|
| | а) зарыдысты. |
| Мах | б) зарæм. |
| | в) зарыдыстæм. |

**31. Кацы у раст дзуапп?**

| | |
|---|---|
| | а) бæды. |
| Цъиу бæласыл | б) кафы. |
| | в) быры. |

**32. Кацы у раст дзуапп?**

Куыдз кæрты
а) ниуы.
б) кæуы.
в) рæый.

**33. Кацы у раст дзуапп?**

Сывæллæттæ
а) хъазынц.
б) тæхынц.
в) кусынц.

**Адих кæнут дзырдтæ уæнгтыл:**

**34.** цахара ………………………………

**35.** сабырдзинад ………………………………………